

Resous pou Imigran Vil New York

Pèsòn pa ta dwe an danje oswa anba menas akòz relijyon yo, ras yo, idantite kiltirèl yo, preferans seksyèl yo, oswa peyi kote yo soti. Gouvènman Vil New York sipòte tout sitwayen, epitou pifò sèvis Minisipalite Vil la disponib pou tout moun, ak pou imigran ki pa gen papyè imigrasyon tou.

Anplwaye Minisipalite Vil la p ap poze kesyon sou sitiyasyon imigrasyon ou sof si ou sa nesèsè pou yo fè djòb yo. Si yo poze ou kesyon sof si ou wè sa nesèsè sou sitiyasyon imigrasyon ou, y ap kenbe enfòmasyon yo konfidansyèl.

Men kèk sèvis imigran Vil New York yo kapab jwenn. **Rele 311** pou jwenn plis enfòmasyon.

Pwoteksyon kont Diskriminasyon

- Ou gen dwa pou viv san diskriminasyon ilegal, vanjans ak asèlman nan espas travay la, nan lojman ou ak nan espas piblik yo. Komisyon Vil New York pou Dwa Moun (New York City Commission on Human Rights) ap batay chak jou pou pwoteje moun New York yo kont diskriminasyon ak asèlman. Si ou kwè ou te viktim diskriminasyon, rele nimewo **718-722-3131**.

IDNYC

- IDNYC se kat idantifikasyon Vil la. Pwogram IDNYC pa pran enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon epi tout enfòmasyon yo rete konfidansyèl.

Edikasyon

- Tout moun New York gen dwa pou ale nan lekòl leta ant lè yo gen 5 ane jouk lè yo diplome, oswa jouk lè yo fini ane lekòl lè yo vin gen 21 ane. Timoun ki gen 4 tran oswa k ap gen 4 ane pandan ane lekòl la kalifye pou Lekòl Pre-Matènèl gratis. Gen sipò ki disponib pou elèv k ap aprann lang Anglè.

Swen Sante

- Swen sante pou ijans ak swen sante ki pa pou ijans epi ki bon mache disponib pou tout moun New York nan lopital ak klinik piblik yo. Klinik Depatman Sante Vil New York (New York City Health Department) yo ofri sèvis vaksinasyon ak sante seksyèl gratis, ak sèvis gratis pou moun ki gen maladi tibèkiloz. Rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon.
- NYC Well kapab konekte ou avèk swen sante mantal ki gratis ak konfidansyèl. Sèvis yo disponib 24 sou 24 ak 7 jou sou 7, nan plis pase 200 lang. Rele nimewo **1-888-692-9355**, voye tèks WELL nan **65173** oswa ale sou sitwèb **nyc.gov/nycwell**.

Gadri

- Fanmi ki pa touche ase revni epi ki gen timoun ki gen 6 zan jiska 12 zan kapab resevwa sèvis gadri gratis oswa pou yon pri ki ba.

Manje ak Abri pou Ijans

- Soup popilè ak kantin popilè toupatou nan vil la bay manje gratis pou moun ki nan nesèsite.
- Pwogram HomeBase kapab ede rezidan yo evite antre nan sistèm abri depi yo bay resous tankou fòmasyon nan travay, sèvis gadri ak sèvis legal anti-degèpisman.

Sekirite Piblik

- Minisipalite Vi la pa aplike ranfòsman imigrasyon. Depatman Lapolis Vil New York (New York City Police Department, NYPD) pa kesyone moun ki viktim nan krim, temwen oswa nenpòt moun ki mande èd kesyon sou sitiyasyon imigrasyon yo.
- Si ou kwè ou te viktim nan yon krim lahèn, rele Gwoup Travay sou Krim Lahèn NYPD (NYPD Hate Crimes Task Force) nan nimewo **646-610-5267**.

Jwenn Èd Legal nan Afè Imigrasyon

- Rele ActionNYC nan nimewo **1-800-354-0365** pou jwenn èd legal gratis ak konfidansyèl sou afè imigrasyon. Pran prekosyon ou avèk founisè sèvis imigrasyon ki pa gen lisans epi k ap pran avantaj sou kliyan yo. Chèche jwenn èd yon avoka oswa yon reprezantan agreye ou fè konfyans epi ki gen lisans. Si ou gen kesyon, rele Liy Dirèk New Americans nan nimewo **1-800-566-7636**, depi lendi jiska vandredi, ant 9 a.m. ak 8 p.m.



Ou gen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou.
Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik gouvènman Vil New York.

NYC
Health